# MILLIY MÁDENIY MIYRASTI SAQLAWDA MUZEYLERDIŃ ORNI

**Abbazova Minara Salamatovna,**
*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı*
*mámleketlik muzeyi bólim baslıǵı.*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.19603915

***Annotaciya.*** *Bul maqalada Milliy mádeniy miyraslardı saqlawda muzeylerdiń bir neshe áhmiyetli wazıypalardı atqarawı, muzey–xalıqtıń tarıyxın, mádeniy-ruwxıy dúnyasın saqlaytuǵın, izertleytuǵın hám xalıqqa tanıstıratuǵın arnawlı mekeme ekenligi, muzeyde erte dáwirlerden beri saqlanıp kiyatırǵan bahalı kórgizbeler jıynalıp, olar muzey qaǵıydalarına say saqlanıp kelgenligi hám de tamashagóylerge kórsetiliwi, jáne de Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı mámleketlik muzeyiniń ashılıw tariyxı haqqında sóz etiledi.*
***Tayanısh sózler.*** *Qaraqalpaqstan, muzey, tariyx, miyras, milliy mádeniyat, eksponat.*

***Abstract.*** *The article discusses that museums perform a number of important functions in preserving national cultural heritage. A museum is a specialized institution that stores, studiyes, and introduces the history and cultural-spiritual world of the people. The museum collects valuable exhibits stored since anciyent times, which are preserved in accordance with museum regulations and displayed to visitors. The history of the opening of the Berdakh State Museum of the History of Karakalpak Literature is also discussed.*
***Keywords:*** *Karakalpakstan, museum, history, heritage, national culture, exhibit.*

Hár bir xalıqtıń ótken tariyxı, mádeniy baylıǵı hám ruwxanıy qádiriyatları–onıń milliy mádeniy miyrası bolıp esaplanadı[1, B.24]. Bul miyraslardı saqlaw, keleshek áwladqa jetkeriw búgingi kúnniń eń áhmiyetli máseleleriniń biri. Usı tiykarda muzeyler milliy mádeniy miyraslardı saqlawda, úyreniwde hám xalıqqa tanıstırıwda ayrıqsha orın iyeleydi[2, B.87].

Muzey – bul tariyxıy, mádeniy hám kórkem eksponatlardı jıynap, saqlap, ilimiy túrde úyrenetuǵın hám tamashagóylerge tanıstıratın orın[3, B.13]. Muzeylerde ata-babalardan qalǵan materiallıq hám materiallıq emes baylıqlar: tariyxıy buyımlar, arxeologiyalıq tabılmalar, qol óneriniń úlgileri, milliy kiyimler, salt-dástúrler, eski qoljazba hám tas baspa kitaplar hám hújjetler.

Milliy mádeniy miyraslardı saqlawda muzeyler bir neshe áhmiyetli wazıypalardı atqaradı. Eń aldı menen, olar eski hám qımbatlı zatlardı joq bolıp ketiwden saqlaydı[4, B.52]. Arnawlı shártler menen saqlanǵan eksponatlar uzaq jıllar boyı óz bahasın joytpaydı. Muzey–xalıqtıń tarıyxın, mádeniy-ruwxanıy dúnyasın saqlaytuǵın, izertleytuǵın hám xalıqqa tanıstıratuǵın arnawlı mekeme. Muzeyde erte dáwirlerden beri saqlanıp kiyatırǵan bahalı zatlar jıynalıp, olar muzey qaǵıydalarına bola saqlanadı hám kelgen tamashagóylerge kórsetiledi.

Xalıqtıń ótken ómirin kórsetetetuǵın turmıslıq buyımlar, qural-saymanlar, kiyim-kenshekler, qol óneri arqalı islengen buyımlardı saqlaydı. Muzey xızmetkerleri eski buyımlardı izertlep, olardıń shıǵıw tariyxın anıqlaydı. Oqıwshılar

menen jaslar muzey arqalı tariyxtı, mádeniyattı tereńirek túsinedi. Olardı Watandı súyiwshilikke, ata-babalar miyrasın húrmetlewge tárbiyalaydı.

Búgingi kúnde Qaraqalpaqstan Respublikasında úsh mámleketlik muzey xızmet kórsetedi. I.V.Savickiy atındaǵı Qaraqalpaqstan Respublikası kórkem óner muzeyi, Qaraqalpaqstan Respublikası tariyxı hám mádeniyatı mámleketlik muzeyi hám muzeyler qatarınan orın alǵan eń jas muzey Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı mámleketlik muzeyi bolıp tabıladı. Jas muzey qatarında bolıwına qaramastan búgingi kúnde 17.000 (on jeti mıńnan) aslam eksponatqa iye Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı mámleketlik muzeyi haqqında sóz etemiz[5, B.8].

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2021-jıl 13-apreldegi 206-sanlı qararı hám Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2021-jıl 15-apreldegi 122-sanlı qararlarına muwapıq Berdaq milliy muzeyi Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq ádebiyat tariyxı mámleketlik muzeyi atı menen qayta shólkemlestirildi[6, B.34].

Muzeydiń ulıwma maydanı 1,26 ga, úsh qabattan ibarat bolıp, úlken bir gúmbezden hám kishi altı gúmbezge iye. Muzeydiń proektin sızǵan respublikamızǵa belgili arxitektor, Berdaq atındaǵı mámleketlik sıylıqtıń laureatı — O.Tóreniyazov.

2004-jıldan «27-noyabr Berdaq kúni» sıpatında belgilew dástúri muzeyden baslanıp házirgi kúnde respublikamızdıń barlıq jerlerinde bayram sıpatında nıshanlanbaqta.

Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı mámleketlik muzeyiniń Respublikamızdaǵı muzeylerden tiykarǵı ózgesheligi xalqımızdıń erte dáwirlerden búgingi kúnine deyingi ómir jolın sáwlelendirgen ádebiy nusqaları, erte dáwirdegi qaraqalpaq ádebiyatı, xalıq awızeki dóretpeleri, qoljazba miyrasları, qaraqalpaq klassik ádebiyatımız tulǵaları, XX hám XXI ásirler qaraqalpaq ádebiyatınıń wákilleri hám olardıń dóretpelerindegi xalqımız tariyxında tereń iz qaldırǵan tariyxıy tulǵalar haqqında, xalqımızdıń uzaq ásirler dawamında milliy ózgesheliklerin kórsetip kelgen qol óner hám tutınıw buyımları, zergerler tárepinen islengen bezeniw buyımları, kiyim úlgileri,elimizdiń ǵárezsizlik jıllarında kórkem ádebiyattaǵı erisken tabısları haqqında maǵlıwmatlar beretuǵın eksponatlar toplanǵan.

Muzeyde Berdaqtıń ómiri hám shıǵarmashılıǵına tiyisli qımbatlı maǵlıwmatlar jıynalǵan. Olar tómendigey:

-Berdaqtıń shıǵarmalarınıń nusxaları;

-Shayırdıń zamanlasları haqqında maǵlıwmatlar;

-Qaraqalpaq ádebiyatınıń rawajlanıw etapların kórsetetin ekspoziciyalar;

-Siyrek ushırastuǵın qoljazba nusqalar hám arxivlik hújjetler.

Ekspoziciyalar xronologiyalıq usılda jaylastırılǵan bolıp, tamashagóylerge ádebiy processti tolıq túsiniwge múmkinshilik beredi.

**Berdaq shayırdıń óziniń kiygen shapanınıń muzeyde saqlanıwı.** Qaraqalpaq milliy mádeniyatı tariyxında óshpes iz qaldırǵan qız baqsı Húrliman, Húrlimannan onıń balası Qarajan baqsı Qabulov tuwıladı hám milliy mádeniyatımızdıń rawajlanıwına úles qosadı.

Bul teberik shapan Berdaqtıń áwladlarında saqlanıp kelgen. Ullı shayırdıń qızı Húrliman bolajaq baqsı Qarajandı tuwǵanında babamız eliw jeti jasında bolǵan. Áwladlarınıń aytıwına qaraǵanda shayır qızınıń úyine kelip aqlıǵınıń besigine kiyip júrgen shapanın jawıp ketken eken. Shapan Húrlimanda, onnan soń Qarajanda, Qarajannın qızı Qallıxanda saqlanadı. Qallıxan apamızdan shapan teberik múlk sıpatında balası Turǵanbayǵa ótedi. Áwladtan-áwladqa ótip kiyatırǵan bul teberik shapandı Turǵanbaydıń zayıbı Amangúl muzeyimizge sawǵa sıpatında tapsırǵan.

Muzeyimizde bunnan basqada kóplegen bahalı eksponatlar júdá kóp. Olardıń hár biri haqqında muzey tamashalawǵa kelip maǵlıwmat alıwǵa boladı. Juwmaqlap aytqanda, muzeyler milliy mádeniy miyraslardı saqlawdıń, úyreniwdiń hám keń jámiyetshilikke jetkeriwdiń áhmiyetli orayı bolıp tabıladı. Olar xalıqtıń tariyxıy yadın saqlap, keleshek áwladqa bay mádeniy miyrastı amanat etip tapsıradı. Sonlıqtan muzeylerdi qorǵaw, olardı rawajlandırıw hár birimizdiń maqsetimiz bolıp esaplanadı. Globalizaciya processleri kúsheygen búgingi dáwirde milliy mádeniy miyraslardı saqlaw, olardı qorǵaw hám keleshek áwladqa jetkeriw máselesi ayrıqsha másele bolıp otır. Usı tiykarda muzeyler milliy mádeniy miyraslardı saqlawdıń, ilimiy úyreniwdiń hám jámiyetshilikke tanıstırıwdıń eń zárúrli institutlarınıń biri bolıp esaplanadı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar dizimi:**

1. Karimov I.A. *Yuksak ma'naviyat – yengilmas kuch*. – Toshkent: Ma'naviyat, 2008.
2. Azimov A. *Madaniy meros va muzeyshunoslik asoslari*. – Toshkent, 2015.
3. UNESCO. *Convention for the Safeguarding of the Intangible Cultural Heritage*. – Paris, 2003.
4. Sadiqov N. *Muzey ishi va madaniy merosni saqlash masalalari*. – Samarqand, 2018.
5. *Berdaq nomidagi Qoraqolpaq adabiyoti tarixi davlat muzeyi*. Nukus: Avangard baspa. 2022.
6. Ózbekstan Respublikası MK qararı №206, 13-aprel 2021-jıl.